# moytandikuleen njort; ndaxte njort mooy wax ji gën a nekk aw fen

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «moytandikuleen njort; ndaxte njort mooy wax ji gën a nekk aw fen, te buleen di gëstu, buleen di luññutu, buleen di soxorante, buleen di tóngoowante, buleen di bañante, nangeen doon ay mbokk yeen jaami Yàlla yi ».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day moytondikuloo yenn yiy waral tàqalikoo ak noonoo ci diggante jullit ñi, Bokk na ci yooyu: (njort) te mooy tuuma ju rot cim tàbbi cim xel ci lu dul jen firnde, mu leeral ne mooy wax ji gën a nekk aw fen. Ak(gëstu): te mooy gëstu ayibi nit ñi ci bët walla nopp. Ak (luññutu): te mooy gëstu li nëbbu ci biri nit ñi, ci lu bon nag la ëpp lu ñu koy jëfandikoo. Ak (soxor) te mooy bañ ñeneen ñi am xéewal. Ak: (tóngoonte) te mooy ku nekk di dummooyu moroomam, du nuyu du seeti mbokkum jullitam. Ak: (bañante) ak sibante ak foñante, niki it lor ñeneen ñi, ak di ñëkkal kanam, ak ñaawalub daje. Mu wax nag ab baat bob ci la biri jullit ñi di yéwene ci seen diggante te mooy: (nekk-leen ay mbokk yéen jaami Yàlla yi) Mbokkoo ag buum la guy boole diggante nit ñi, di yokk mbëggeel ak miinante ci seen biir.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5332